



Lekòl Piblik Boston yo

Objektif Sipè-entandan an pou Ane Lekòl 2021-2022 a

Doktè Brenda Cassellius, Sirentandan
Komite Lekòl Boston
10.6.2021

Objektif Aprantisaj Elèv la

Ane Lekòl 2020-2021
Aktyèl

Ane Lekòl 2021-2022
Aktyèl

Objektif #1 ELÈV K AP APRANN LANG ANGLÈ: Bonjan amelyore rezilta elèv ki se Elèv K Ap Aprann Lang Anglè yo nan ogmante kapasite distri a pou l reponn ak bezwen Elèv K Ap Aprann Lang Anglè yo.

Mezi 1.1 Fè Pwogrè: Ogmante pwogrè pou rive atenn metriz lang Anglè, jan pousantaj elèv ki fè pwogrè nan egzamen AKSÈ pou ELL yo mezire sa a.

Done yo ap pibliye nan mwa Oktòb 2021 an.

Mezi 1.2 ELÈV K AP APRANN LANG ANGLÈ (EL) ELÈV KI GEN ANDIKAP (SWD): Ogmante pwogrè pou rive atenn metriz lang Anglè pou elèv ki se EL epi ki gen yon IEP, jan pousantaj elèv ki fè pwogrè nan egzamen AKSÈ pou ELL yo mezire sa a.

Objectif #1 Estrateji: Distri a pral ogmante kantite plas nan pwogram ki nan de lang yo, ogmante divèsite lengwistik pami manm anplwaye BPS yo, epi l ap kontinye bay sèvis entèpretasyon nan lang ki ofisyèl nan BPS yo nan reyinyon Komite Lekòl la ansanm ak reyinyon kominotè yo pou li kapab ogmante kapasite distri a pou l reponn ak bezwen Elèv K Ap Aprann Lang Anglè (EL) yo.

Objektif Aprantisaj Elèv la

Ane Lekòl 2020-
2021
Aktyèl

Ane Lekòl 2021-
2022
Aktyèl

OBJEKTIF #2 ELÈV KI GEN ANDIKAP: Devlope epi aplike yon plan pou bonjan amelyore rezilta elèv ki gen andikap yo pandan l ap ogmante kapasite distri a pou l reponn ak bezwen Elèv Edikasyon Espesyal yo.

Mezi 2.1 Dispwoòsyonalite: Diminye sou dispwoòsyonalite nan pousantaj elèv ki gen koulè ki klase sitou nan yon seri pwogram apa.

31%

Mezi 2.2 Kwasans Elèv la: Ogmante kwasans elèv la nan ELA ak nan matematik, jan Pèsantil Mwayèn Kwasans Elèv la nan MCAS mezire sa pou elèv ki gen andikap ki nan klas 3yèm pou rive 8yèm ane yo.

ELA: 29,7
Matematik:
27,4

OBJEKTIF #2 Estrateji:Distri a pral ogmante plas enklizyon ak pratik enklizyon nan distri a. N ap rive reyalize sa gras ak pwojè Enklizyon ak Konsepsyon Inivèsèl pou Aprantisaj nou an ESSER finanse a ki vize ogmante pratik enklizyon ak aksè nan pwogram edikasyon jeneral nan Anviwònman ki Gen Pi Piti Restriksyon an, sa ki pral diminye sou dispwoòsyonalite a. Nou pral travay avèk 15 a 20 lekòl pou nou kapab ogmante plas enklizyon ak pratik enklizyon yo. Anplis, nou pral egzamine to referans pou dispwoòsyonalite pou nou pa pwolonje inegalite ki deja egziste yo atravè travay enklizyon.

Objektif Aprantisaj Elèv la

Ane Lekòl 2020-
2021
Aktyèl

Ane Lekòl 2021-
2022
Aktyèl

OBJEKTIF #3 RETOUNEN, RETABLI, REYIMAJINE: Patisipe nan sante, byennèt sosyo-emosyonèl, ak pwogrè akademik elèv la pandan pandemi COVID-19 la nan founi sipò diferansye ki sitou vize kiltive apatenans elèv la ak akselerasyon akademik li.

Mezi 3.1 Alfabetizasyon San Patipri: Ogmante pousantaj elèv ki nan klas K2-2 yo ki satisfè oswa depase atant nivo klas la nan mezi konsyans fonolojik oswa konpreyansyon literal nan evalyasyon Konpetans Lekti NWEA MAP disi fen ane a.

Konsyans
Fonolojik
Otòn 2019 37%

Konpreyansyon
Literal
Otòn 2019 49%

Mezi 3.2 Absanteyis Kwonik: Diminye sou pwopòsyon elèv ki toujou absan yo.

30,0%

Objektif #3 Estrateji: Distri a pral mete bibliyotèk lekòl la ajou pou l kapab gen ladan l yon seri koleksyon ki ajou ki gen tèks kalite siperyè, l ap adopte pwogram akademik ki apwopriye ak nivo klas la epi ki apwopriye ak kilti a, epi l ap founi edikatè yo yon devlopman pwofesyonèl ki baze sou pratik alfabetizasyon san patipri. BPS pral ogmante opòtinite aprantisaj pandan l ap founi pwogram akademik akselerasyon ak pwogram ete pandan tout jounen ki gen ladan l pwogram akademik ak anrichisman. Distri a pral itilize Evalyasyon Kwasans MAP nan Lekti ak Matematik pou kontwole pwogrè aprantisaj elèv la ak dirije lòt sipò akademik pou elèv la. Ekip edikatè yo pral devlope ak kontwole yon seri plan entèvansyon nan Panorama Reyisit Elèv (Panoraman Student Success) la pou elèv yo idantifye kòm elèv ki bezwen entèvansyon sib an gwoup oswa entèvansyon endividyalize. Tablewonn sou ekite ki fèt nan tout nivo nan òganizasyon an pral asire moun yo pran desizyon ki enklizif, transparan ak desizyon reflechi ki baze sou elèv ki gide efò nou pou n byen retabli ak reyimajine sa ki posib.

Objektif Pratik Pwofesyonèl

Ane Lekòl 2020-
2021
Aktyèl

Ane Lekòl 2021-
2022
Aktyèl

Objektif #4 BIWO DISTRI A: Kiltive kwayans avèk fanmi ak manm anplwaye yo atravè ekselans operasyonèl ak sèvis kliyan ki djanm toupatou nan Biwo Distri BPS la pou kapab bonjan amelyore kapasite pou konble lakin nan opòtinite ak reyisit yo.

Mezi 4.1 Pèsepsyon Dirijan Eskolè: Amelyore pèsepsyon dirijan eskolè sèvis biwo santral la, efikasite ak responsablite pou rezilta jan nòt mwayèn nan kesyon ki soti nan sondaj Gallup la mezire sa a.

Reyaktivite 2,66
Efikasite: 2,65
Responsab: 2,13

Mezi 4.2 Pèsepsyon Biwo Distri a: Amelyore kilti òganizasyonèl nan tout biwo santral la jan mwayèn angajman Q12 Gallup la mezire sa a.

3,62

Objectif #4 Estrateji: Dirijan biwo distri a pral dekri yon ak ki gen devlopman pwofesyonèl pou tout anplwaye biwo distri a, epitou l ap kreye yon pwosesis entegrasyon entansyonèl ak devlopman pwofesyonèl pou sipèvizè yo soutni ak enstitisyonnalize pratik jesyon ki efikas yo. Distri a pral etabli e rafine sistèm yo pou evalye risk òganizasyonèl ki lye ak divès pwosesis ki gen rapò ak biznis yo epi l ap kowòdone inisyatov pou diminye risk yo defason estratejik nan tout antrepriz la pou asire li konfòm onivo tout distri a. Biwo distri a pral adopte yon pratik jesyon pwojè ki nòmalize ak pratik jesyon pèfòmans anndan gwoup fonksyonèl yo epi onivo yo tout. Ekip biwo distri a pral kontinye itilize Zouti pou Planifikasyon Ekite Rasyal la pou enfòme sou elaborasyon règleman ak desizyon ki pran onivo distri a.